



**AVI REFERANDÒM SOU OBLIGASYON POU KAZÈN  
PONPYE 86 KI AP FÈT NAN DAT 19 MAS 2024**

**VIL RIVIERA BEACH, FLORID**

Ki ap fêt 19 Mas 2024, jan sa di nan Rezolisyon Nimewo 111-23 ("Rezolisyon" an) Vil Riviera Beach, Florid ("Vil" la) ki te adopte 2 Out 2023.

Sa se yon avi ki bay pou di ke pral genyen yon referandòm sou obligasyon nan Vil la 19 Mas 2024, ikonpri tout dat vòt antispe yo ("Referandòm" nan), pou detèmine si Vil la dwe otorize pou emèt obligasyon jeneral nan Vil la pou yon montan global ki pa depase Vennsenk Milyon Dola (\$25,000,000) ("Obligasyon" yo) nan objektif prensipal pou finanse oswa ranbouse, tout oubyen yon pati, ansanm avèk lòt fon legal ki disponib, kou pou achte, konstwi, ekiplajman ak amelyore Kazèn Ponpye 86 Vil la, jan tout sa dekri nan Rezolisyon an. Obligasyon yo ap garanti apati yon gaj bòn fwa, kredi ak pouvwa taksasyon ad valorem san limit Vil la. Obligasyon yo kapab emèt pa youn oswa pa seri detanzantan, yo ap bout nan yon moman oswa plizyè moman ki pa depase trant (30) lane apati dat yo te emèt la, e yo ap pote enterè ak yon to oswa plizyè to ki pa depase to enterè maksimòm nan moman vant lan.

Rezolisyon an otorize òganizasyon Referandòm nan ak emisyon Obligasyon yo, e yo ap fêt annakò ak Rezolisyon an. Rezolisyon an disponib pou konsiltasyon nan biwo Grefye Vil la, 600 W. Blue Heron Boulevard, Riviera Beach, Florida 33404, nan lè biwo, 8:00 a.m. pou 5:00 p.m., Lendi pou rive Vandredi.

Annakò ak Konstitisyon ak Lwa Eta Florid yo, tout elektè Vil la ki kalifye ap gen dwa epi otorize pou vote nan Referandòm nan. Biwo vòt sou Referandòm nan ap ouvè apati 7:00 a.m. pou rive 7:00 p.m. 19 Mas 2024, epi ap òganize nan espas pou vòt nan plizyè katye nan Vil la. Nou ka kontakte Grefye Vil la nan adrès ak lè ki nan paragraf anlè a pou nou ka konnen lè ak kote pou nou fè vòt antisipe yo.

Vil la ap otorize pou emèt Obligasyon yo sèlman si yon majorite nan elektè kalifye Vil la ki vote nan Referandòm nan vote pou apwouve emisyon sa a.

Sou lòd Konsèy Minisipal Vil Riviera Beach, Florid

Tawanna King, 10/10/23  
GREFYE VIL,  
VIL RIVIERA BEACH, FLORID

Pibliye Madi 10 Oktòb 2023, 11:07 AM